

**SÈTIFIKASYON  
VIKTIM VYOLANS  
DOMESTIK, VYOLANS ANT  
MOUN KI RENMEN,  
VYÒL, OSWA ASÈLMAN,  
AK DOKIMAN ALTÈNATIF**

**Depatman Lojman  
ak Devlopman Iben Etazini**

Otorizasyon OMB No. 2577-0286  
Ekspirasyon 30 jen 2017

**Objektif Fòm Nan:** Lwa Konsènan Vyolans Kont Fanm nan (Violence Against Women Act, "VAWA") pwoteje aplikan, lokatè, ak moun k ap patisipe nan sèten pwogram HUD pou yo pa mete yo deyò, refize bay yo asistans ak lojman, oswa anile asistans ak lojman yo paske yo se viktim vyolans ant moun ki renmen, moun k ap vyole yo, oswa asèl yo. Malgre non lwa sa a, pwoteksyon VAWA disponib pou viktim vyolans domestik, viktim vyolans ant moun ki renmen, viktim vyòl, ak viktim moun k ap asèl yo, kit yo se fanm oswa gason, kit yo idantifye tèt yo kòm fanm oswa gason, oswa kèlkeswa oryantasyon seksyèl yo.

**Rezon Pou Itilize Fòm sa a:** Si w ap chèche pwoteksyon VAWA nan men konpayi lojman ou an, konpayi lojman ou a ka ba ou yon demann alekri ki mande pou ou soumèt dokiman sou ensidan vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa moun k ap swiv yo.

Pou reponn demann sa a, oumenm oswa yon moun ki reprezante ou ka ranpli fòm sa a epi soumèt li bay konpayi lojman ou a, oswa ou ka soumèt youn nan fason sa yo:

- (1) Yon dokiman ki gen siyati ou menm ak yon anplwaye, ajan, oswa volontè kote yo ofri sèvis pou viktim, yon avoka, oswa pwofesyonèl medikal, oswa yon pwofesyonèl sante mantal (ki rele ansanm, "pwofesyonèl") ou t al chèche asistans pou vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, moun k ap swiv ou, oswa efè abi a. Dokiman an dwe presize, sou pèn pou fo temwayaj, pwofesyonèl la kwè ensidan vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa moun k ap swiv viktim nan te rive vre epi li satisfè definisyon an nan "vyolans domestik," "vyolans ant moun ki renmen" "vyòl" oswa "asèlman" nan règleman HUD la nan 24 CFR 5.2003.
- (2) Yon dosye yon ajans lapolis, tribinal, oswa ajans administratif nan nivo Federal, Eta, tribal, teritoryal, oswa lokal; oswa
- (3) Selon jijman konpayi ki bay lojman an, yon deklarasyon oswa lòt prèv aplikan oswa lokatè a te bay.

**Jan Pou Soumèt Dokimantasyon:** Delè pou soumèt dokimantasyon se 14 jou travay apre dat ou te resevwa yon demann alekri nan men konpayi lojman ou a pou mande ou bay prèv dokimantasyon te gen yon vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman. Konpayi ki bay lojman an kapab pwolonje delè pou soumèt dokimantasyon an, si ou mande yon pwolongasyon, men li pa oblije. Si yo pa resevwa enfòmasyon yo mande a nan 14 jou travay apre ou te resevwa demann pou dokimantasyon an, oswa nenpòt pwolongasyon konpayi lojman ou a te ba ou, konpayi lojman ou a pa oblije ba ou okenn nan pwoteksyon VAWA yo. Menm si yon moun bay fòm sa a, li pa reprezante yon demann pou sètifikasyon.

**Konfidansyalite:** Yo oblije kenbe tout enfòmasyon ou bay konpayi lojman ou a konsènan ensidan vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman konfidansyèl epi yo pa dwe ajoute detay sa yo nan okenn bazdone ki pataje. Anplwaye konpayi ki bay lojman yo pa sipoze gen aksè nan detay sa yo amwenske se pou bay ou oswa refize ba ou pwoteksyon VAWA yo, epi anplwaye sa yo ki gen aksè yo pa gen dwa pataje enfòmasyon sa yo ak okenn lòt enstitisyon oswa moun, sof si y ap pataje enfòmasyon: (i) ou te bay konsantman alekri pou pataje yo pandan yon tan limite; (ii) yo bezwen enfòmasyon yo pou itilize nan yon pwosè pou mete ou deyò kay la oswa yon odyans pou konnen si pou yo koupe asistans; oswa (iii) pou lòt rezon lalwa egzijè.

**SE SWA MOUN KI VIKTIM VYOLANS DOMESTIK, VYOLANS ANT MOUN KI RENMEN, VYÒL, OSWA ASÈLMAN AN OSWA YON MOUN KI REPREZANTE LI KI POU RANPLI PATI SA A**

1. Dat yo te resevwa demann alekri viktim nan: \_\_\_\_\_
2. Non viktim nan: \_\_\_\_\_
3. Non ou (si se pa viktim nan): \_\_\_\_\_
4. Non lòt fanmi non yo sou kontra kay la: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
5. Rezidans viktim nan: \_\_\_\_\_
6. Non moun yo akize ki te komèt vyolans la (si ou konnen li epi li p ap yon danje pou bay li):  
\_\_\_\_\_
7. Sa moun yo akize ki te komèt vyolans la ye pou viktim nan: \_\_\_\_\_
8. Dat ak lè ensidan an (oswa ensidan yo) (si ou konnen li): \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
10. Kote ensidan an (oswa ensidan yo) te rive: \_\_\_\_\_

Ak pwòp mo ou, bay yon ti deskripsyon ensidan an (oswa ensidan yo):

---



---



---



---

Depi mwen siyen la sa vle di mwen sètifye enfòmasyon yo mwen bay sou fòm sa a vrè ak kòrèk selon tout sa mwen konnen ak sonje, epi moun non li anwo nan Kesyon 2 a se yon viktim oswa li te yon viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman. Mwen rekonèt si mwen bay fo enfòmasyon mwen kapab mete tèt mwen nan risk pou vin pa kalifye nan pwogram nan epi sa kapab yon rezon pou refize bay mwen asistans, koupe asistans mwen, oswa mete mwen deyò nan kay la.

Siyati \_\_\_\_\_ Siyen nan dat (Dat) \_\_\_\_\_

**Kantite Travay Pou Bay Rapò Piblik:** Rapò piblik sou travay pou koleksyon enfòmasyon sa a estime li ap pran anviwon 1 èdtan pa repons. Sa a gen ladan tan an pou kolekte, revize, ak bay done yo. Konpayi ki bay lojman yo pral itilize enfòmasyon ou bay yo pou mande sètifikasyon nan men aplikan oswa lokatè ki se yon viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman. Enfòmasyon sa yo sipoze respekte kondisyon konfidansyalite VAWA. Ajans sa a gen dwa pa pran enfòmasyon sa a, epi ou pa oblije ranpli fòm sa a, amwenske li gen yon nimewo kontwòl Biwo Jesyon ak Bidjè ajou ki valid.